

janvier 6, 2023

Paran Elèv _____

Chè _____,

Dapre Lwa Sante Piblik Eta Nouyòk la, tout elèv ki nan lekòl leta Vil Nouyòk yo dwe ajou sou vaksen ki obligatwa yo pou yo ka ale lekòl. Jan yo te enfòmè w, pitit ou a manke dòz ki nesesè nan plizyè vaksen.

Elèv ki pa ajou sou vaksen ki obligatwa yo te oblije resevwa premye dòz ki apwopriye pou laj yo nan chak seri vaksen yo anvan 8 septanm 2022. Anplis, 23 septanm 2022 pou pi ta, paran elèv sa yo dwe montre yo gen randevou pou tout dòz rapèl ki obligatwa yo.

Paske ou pa bay dokiman ki montre pitit ou a te resevwa vaksen ki nesesè yo, pitit ou a pa gen pèmasyon pou l ale lekòl. An konsekans, yo mete pitit ou a absan.

Tanpri sonje tou dapre Lalwa Eta a, ou oblije asire ke pitit ou a ale nan klas pandan jounen an. Si ou pa kapab bay dokiman ki montre pitit ou a te resevwa vaksen ki nesesè yo, mwen ankouraje w kontakte Biwo Lekòl Domisil DOE nan 917-339-1793or homeschool@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,

Direktè